loqiy-estetik tarbiyadagi, estetik didni oshirishdagi oʻrnini ta'minlaydigan estetika bilimdoni; tovushlar, ularning paydo boʻlishi, xususiyati, musiqada sanoqlar, raqamlar haqida bilimlarga ega fizik, matematik;

-darsning yanada mazmunli, samarali, zamonaviy tarzda tashkil etilishi uchun eng soʻnggi axborot texnologiyalarida ham bemalol ish yurita oladigan IT mutaxassis; musiqaning yaratilishi, uning tarixiy bosqichlari, tarixiy davrlar haqida oʻquvchilarga ma'lumot yetkazuvchi tarixchi;

-kuy-qoʻshiq matnini ifodali qilib aytib bera oladigan, har bir soʻz sehrini anglaydigan tilshunos, adabiyotshunos; musiqaning nazariy-tarixiy bilimlarini mukammal egallagan musiqashunos; cholgʻu ijro etish uchun sozanda, kuylash uchun xonanda, oʻquvchilar jamoa boʻlib kuylaganda xor dirijori rollarini bajaruvchi pedagogdir. Bunday sifatlarga ega pedagog boʻlish nafaqat hozirgi zamon musiqa madaniyati fani oʻqituvchilari, balki, boʻlajak musiqa oʻqituvchilari oldiga ham bir qator dolzarb masalalarni qoʻyishi tabiiy.

Koʻp qirrali yetuk mutaxassis kadr sifatida shakllanish uchun esa talabalik yillaridanoq oʻz ustida tinimsiz ishlash, pedagogik mahoratni, kasbiy kompetensiyani rivojlantirib borish boʻlajak musiqa oʻqituvchilarining asosiy vazifalaridir [2].

**Adabiyotlar**

1. Karimov I.A. “Yuksak ma'naviyat-yengilmas kuch”. –Toshkent: «Ma’naviyat» 2008. 61-b.
2. Маркова А.К. Психология профессионализма. - М.: «Знание», 1996. 26-37-b.

**REZYUME.** Maqola mazmuni musiqiy ta`limda oʻqituvchilarda har tomonlama kompetentlikni oshirish talablari va oʻquvchilarini shuningdek, boʻlajak musiqa oʻqituvchilari musiqiy kompetentlik jarayonlari orqali oʻquvchining musiqa tinglash koʻnikmasini hosil qilishida musiqiy did, axloqiy-estetik qarashlar, musiqiy-nazariy, musiqiy-tarixiy bilimlar, keng dunyoqarash, nutqiy ravonlik qobiliyatlarini oʻzida shakllantirishda bir nechta kompetensiyalarni oʻzida mujassamlashtirgan jarayon haqida yozilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Содержание статьи касается требований к повышению всесторонней компетентности преподавателей музыкального образования и учащихся, а также будущих учителей музыки в формировании у учащихся умения слушать музыку через процессы музыкальной компетентности, музыкального вкуса, морально-нравственных качеств. эстетических взглядов, написано о процессе объединения нескольких компетенций в формировании музыкально-теоретических, музыкально-исторических знаний, широкого мировоззрения, навыков беглой речи.

**SUMMARY.** The content of the article concerns the requirements for increasing the comprehensive competence of music education teachers and students, as well as future music teachers, in developing students’ ability to listen to music through the processes of musical competence, musical taste, and moral qualities. aesthetic views, it is written about the process of combining several competencies in the formation of musical-theoretical, musical-historical knowledge, a broad worldview, and fluent speech skills.

## ӨЗБЕКСТАННЫҢ ТУНҒЫШ ПРОФЕССОРЫ

**Қ.Сейтмуратов** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** жадидчилик, маърифат, мактаб, мадраса, ислоҳот, мустақиллик.
**Ключевые слова:** джадидизм, просветительство, школа, медресе, реформа, независимость.
**Key words:** jadidism, enlightenment, school, madrasah, reform, independence.

Жәдидшилик ҳәрекетиниң Бухара ҳәм Түркистандағы үлкен ўәкиллериниң бири Абдирауф Фитрат болып есапланады. Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткерлердиң бири болған Абдирауф Фитрат илим ҳәм мәдениятымыз тарийхында жетекши илимпаз, Өзбекстанның тунғыш профессоры, шайыр, драматург, философ ҳәм белгили педагог сыпатында танылған. Фитраттың хызмети Бухара ҳәм Түркистанның ағартыўшылық ҳәм мәдений, социаллық ҳәм сиясий турмысында өзине тән орнына ийе.

Абдирауф Абдурахим улы Фитрат 1884-жылы (С.Аинийдиң көрсетиўинше-1886) Бухара қаласында туўылған. «Фитрат» оның әдебий лақабы болып, бул сөз туўма тәбият, туўма талант деген мәнилерди билдиреди. Әкеси Абдирахимбай оқымыслы, дүньядағы ҳәдийселерден хабардар инсан болып, саўда-сатық ислери менен шуғылланған. Ол 1903-жылы саўда ислери менен Қашқарға барып, ол жерде 1918-жылға шекем жасап қалады. Нәтийжеде шаңарақтың аўырманшылығы Фитратқа ҳәм анасы Мустаффбийбиниң (шаңарақта оны Бийбижан деп атаған) шегине түседи. Фитраттың анасы Мустаффбийби нәзик тәбиятлы, саўатлы ҳаял болып, перзентлер тәрбиясы менен тийкарынан өзи шуғылланған. Анасының тәсиринде Фитратта да қосық жазыў қәбилетлери ҳәм көркем сөзге қызығыўшылық ояна баслаған. А.Наўайы, Увайсий, Зебинисо, Бедил, Физулий киби шайырладың ғәззеллерин биринши мәрте анасынан тыңлап үйренген. Дәслепки билимди ески мектепте алғаннан кейин Мир араб медресесинде оқыйды. Араб, парсы, түрк тиллерин терең үйренеди [1:256].

XX әсир басларында пүткил Шығыс мәмлекетлериндеги сыяқлы Бухарада да социаллық пикир раўажланыўында айтарлықтай ояныўлар жүз берип, жәдидшилик ҳәрекети кеңнен таралды. Дәслебинде жәдидизм тек ағартыўшылық ислери менен шуғылланады. Лекин Бухарада социаллық турмыстың шыдап болмаслық дәрежеде аўырласып кетиўи, ақ патша ҳәм Бухара әмириниң еки тәреплеме езиўшилик сиясаты жадидизмниң тек мәдений тарқатыў ислерин сиясий жолға бурып жиберди. Нәтийжеде 1908-жылға келип «Жас бухаралықлар» ҳәрекети шөлкемлестирилди. Олар жергиликли балаларды жаңа усылдағы мектеплер ашып, билим бериў менен бирге талантлы оқыўшыларды таңлап алып, шет еллерге оқыўға жибериўди мақсет етеди. Усы мақсетти әмелге асырыў ушын «Хайрия жәмийет»лерин дүзип қаржы топлай баслайды. Абдирауф Фитрат усы «Жас бухаралықлар» ҳәрекети басшыларының бири болды.

Абдирауф Фитрат 1909-жылы 25 жасында бир қатар жаслар менен биргеликте Бухара зиялыларының қайырқомлық жәрдеми менен Стамбулға оқыўға барады ҳәм ол жерде университетте төрт жыл тәлим алады. Ол жерде түрк ағартыўшыларының идеялары, шайыр ҳәм жазыўшыларының дөретпелери менен танысады. Ол жерде парсы тилинде «Мунозара» (1911), «Сайҳа» (1911), «Сайёҳ ҳинди» (1912) шығармаларын жазады.

1913-жылы ол Бухараға қайтып келеди. «Раҳбари нажот» (1915), «Ойна» (1916), «Бегижон», «Мавдуди шариф», «Або Муслим» шығармаларын жазады ҳәм басып шығарыўға ериседи. Сондай ақ ол Түркистанда жаңа мектеплер ашып, оларды жаңа бағдарлама ҳәм сабақлықлар менен тәмийинлеў мәселелери үстинде бас қатыра баслайды, жәдидшилик ҳәрекети жетекшилери-

ниң бирине айланады. Бир ўақыттың өзинде қызғын дөретиўшилик пенен де шуғылланады, өз халқына илим-мағрыйпат таратыў ислери менен айланысады. Ол Түркистан халықларының бахыт-саадатқа ерисиў жолын илим-мағрыйпат ҳәм мектеп-ағартыўшылықта деп биледи. Өзи редакторлық еткен «Ҳүррият» газетасында «Өмир жолында биринши мәселе – мектеп мәселесидур», - деп жазады.

1916-жылы досты Муса Сайиджановқа жоллаған хатында «Әдиўлим, мен саған бәрқулла қалыс нийетте болып келгенмен, соның менен бирге сизлердиң айдын келешегиңиз жолында гүресиў мениң ўазыйпам есапланады», - деп жазады.

1917-жылы балалар ушын «Оқыў» китабын Баку қаласында басып шығарады. Ески мектеплердиң үлкен класслары ушын гөзленген бул китап сол дәўирде тек Бухарада ғана емес, ал Самарқанд, Ташкенттиң жаңа усылдағы мектеплери ушын пайдалы оқыў қуралы болды.

1918-жылы Фитрат әмир жансызларының қуўдалаўынан қашып Ташкент қаласына келеди ҳәм муғаллим болып ислей баслайды. 1918- жылдың апрель-май айларында Ташкентте Мунаввар қары басшылығында шөлкемлестирилген Түркстан халық университетиниң оқытыўшылар таярлаў бөлиминде, Ташкент мәмлекетлик педагогика институтында, Илимлер комитети жанында шөлкемлестирилген илим-иззертлеў институтында Шығыс классикалық әдебияты ҳәм ана тилинен сабақ береди. 1918-жылы Қаюм Рамазан, Шокиржон Раҳимий менен бирликте «Ана тили» сабақлығын, 1926-жылы «Әдебият қағыйдалары» оқыў қолланбаларын жазады.

Фитрат аўдармашылық пенен де шуғылланып, 1914-жылы И.Гаспиралиниң «Мусулмон дорур роҳат», 1920-жылы Камал Шамстың «Илми хандаси» шығармаларын жергиликли тилге аўдарады. 1921-жылы оның «Ушқын» қосықлар топламы жарық көрди.

Фитрат 1922- жылы Бухара халық республикасының билимлендириў комиссары лаўазымында ислеп, өзбек ҳәм тәжик, түркмен, жергиликли еврей балалары ушын мектеплер ашыў, муғаллимлер ушын қолланбалар жазыў ислери менен шуғылланады. 1922-1923-жыллары Бухара халық Республикасынан Германияға, Түркияға талантлы жасларды таңлап, оқыўға жибериўдиң басламашысы ҳәм таңлаў топары ағзасы болды [3:309].

1923-1924-жыллары Фитрат Москвадағы Шығыс тиллери институтында ислеп, илимий ислер менен айланысады. 1924-1926- жыллары оның «Абулфайзхан», «Шайтанның тәңриге қарсы бас көтериўи», «Арыслан», «Қан», «Уғузхон» атлы драмалық ҳәм көркем шығармалары жарық көрди. 1924-жылы Ленинград мәмлекетлик университети илимий хызметлерин есапқа алып, оған профессор илимий атағын берди [4:303]. Усының менен Фитрат Өзбекстаннан расмий түрде профессор илимий атағына ерискен биринши зиялы инсан есапланады.

Фитрат 1925-жылдан баслап түрли мәденийағартыў, билимлендириў мәкемелеринде, илим-изертлеў институтларында ислейди. Өзбекстанда биринши шөлкемлестирилген Самарқанд Педакадемиясында, Илимлер академиясы жанындағы Тил ҳәм әдебият институтында, кейиншелик Ташкент мәмлекетлик педагогикалық институтында шығыс әдебияты ҳәм тили бойынша сабақлар береди.

Фитрат өз дөретиўшилигинде ҳәм педагогикалық хызметлеринде, жаратқан илимий ҳәм көркем шығармаларында Ўатан, халық, миллет еркинлиги, абаданлығы ҳаққындағы арзыў-үмитлерин, тәлим-тәрбия ҳаққындағы көзқарасларын баянлады.

Абдирауф Фитрат миллетшиликте айыпланып, 1938-жылы 4-октябрь күни атылды.

Фитрат илим-ағартыўшылықтың жәмийет раўажланыўы, инсан камалаты, мәденияттың раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе екенлигин жоқары баҳалады. Әсиресе, жас әўладтың дүньялық билимлерди ийелеўине айрықша дыққат аўдарып, оның өзи де буны әмелге асырыўда үлги болып келгенлигин көремиз. Оның пикиринше ҳәр бир инсан өмирде өз орнына ийе болмағы, буның ушын биринши нәўбетте адам саламат болмағы, жаманнан жақсыны ажырата алмағы, ең дәслеп әдеп-икрамлы болмағы керек деп көрсетеди. Ҳәр бир миллет өз келешегин ойлар екен, жасларға итибар қаратыўы, оларды жаслығынан ақ физикалық жақтан раўажланған, ақыллы, руўхый тәрептен шыныққан етип тәрбиялаўы лазым деп көрсетеди.

Әсиресе, педагог әдеп-икрамлылық тәрбиясына итибар қаратып, әдеп-икрамлық тәрбиясының ўазыйпасы инсаный әдеплилик камалатына жеткериў ҳәм оны пүтин адамзат жәмийетине пайдалы инсан етип тәрбиялаўдан ибарат деп көрсетеди. Соның менен бирге бала тәрбияны биринши гезекте шаңарақтан, әтирапындағы бирге ойнайтуғын дөсларынан алатуғынлығын умытпаўымыз тийис деп жазады.

Фитрат мектептеги тәрбиясы қыйын балалар ҳаққында да сөз қозғап, егерде оларды мектепте тәрбиялаўдың ҳеш имканы болмаса, оларды мектептен шығарыў керек, егерде солай исленбесе олардың жаман қылықлары мектептеги басқа балаларғада өтиўи мүмкин деп көрсетеди.

Жуўмақлап айтқанда Фитрат өз шығармаларында билим-илимди, мағрыйпатты ҳәм мәдениятты шыңларға көтереди. Жасларды жаңа усылдағы жәдид мектеплеринде тәлим алыўға, заманның раўажланған илим ҳәм техника сырларынан хабардар болыўға шақырады. Бул оның мақсети, шын исеними ҳәм өмир жолы еди. Фитрат «Мунозара», «Ҳинд саяхатшысының қыссасы», «Раҳбари нажот» шығармаларында социаллық-сиясий, философиялық ҳәм әдеп-икрамлылық көзқарасларын көрсетиў арқалы XX әсир басларындағы педагогикалық пикирлердиң раўажланыўына үлкен үлес қосты.

**Әдебиятлар**


1. Ўрта Осиёда педагогик фикр тараққиётидан лавҳалар. –Т.: «Фан», 1996. 352-б.
2. Эргашев Б., Хужаев Л. Фитратнинг янги топилган мактуби. // Ўзбекистон овози, 1993 йил 4 апрель.
3. Хошимов К. ва б. Педагогика тарихи. –Т.: «Ўқитувчи», 1996, 448-б.
4. Выдающиеся просветители Евразий. Башкирский ГУ им. М.Акмуллы. –Уфа: 2020.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада атоқли ўзбек педагоги ва шоири Абдурауф Фитратнинг жадидчилик маърифий фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашлари ҳақида атрофлича сўз юритилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы джадидско-просветительской деятельности и педагогические мысли видного узбекского педагога и поэта Абдирауфа Фитрата.

**SUMMARY.** The article deals with the issues of Jadid and educational activities and pedagogical thoughts of the prominent Uzbek teacher and poet Abdirauf Fitrat.